# KAARANGE JAMONOY TANGAAY

27.8°C +

## BES YU TANG

Saa bu tangaay bi nekkee 27.8°C wala mu ëpp ko, mën naa andi feebar u tangat , xëm, wala sax ñakk si bakkan

### MISAAL U DIIR U JAMONOY TANGAAY

| ALTINE | TALAATA | ALARBA | ALXAMES | ALJUMA | GAAWO |
| --- | --- | --- | --- | --- | --- |
| 26.7°C | 27.8°C | 28.9°C | 36.1°C | 35°C | 37.8°C |

**AKTIWEEL SA PALAŊ U JAMONOY TANGOOR** (ALTINE – ALXAMES)

**SANTAR U SEDDAL YII UBBI NA ÑU** (ALXAMES – GAAWO)

TEKTAL CI TANGAAY

Da ñu koy amal saa bu ñu xaymaa tolluwaay bi ci lu romb 35°C ci biir gën kaa neew ñaar i bes yu toppante WALA ci lu romb 37.8°C ci bepp diir.

XAYMA TANGAAY

– naka ngay yegee tangoor gi su fekkee ni ndox mi dafa jaxasoo ak tangaay u jawwu ji.

### KILIMATISEER DAFAY MUCCAL AY BAKKAN

Ci biir Dëkk u New York, nit ñu bari da ñuy dee di xëm ndax tangaay te du ñu mën jot ci AC yii.

### TEKTAL YU AM SOLO

- Gisal ab barab bu feex bu am kilimatiseer (AC).
- Deel nandalu ci di gën di faral di naan ndox.
- Moytul yitte biti yu la mën sonnal ci digante 11 a.m. - 4 p.m.
- Solal ay yere yu am kuleer yu leer, ay yere yu woyof
- Regleel sa kilimatiseer (Air conditioner, AC) ci 25.6°C wala "Low Cool" ("Sedd bu Suufe").

## SU FEKKEE NI AMULOO KILIMATISEER, AM NA AY TEKTAL U KAARAANGE YOO MËN TOPP:

- Seet il sa xarit wala sa mbokk bu am kilimatiseer.
- Demal ci ab santar u seddal.
- Deel nandalu!
- Xëppool ndox mu sedd wala nga sangu
- Tëjj al say weer ngir moytu naaj bi
- Yemaleel sa jëfëndiku fuur wala lakkukaay



### AMULOO SANTAR U SEDDAL BU LA JEGE?

Seet il ab barab bu sedd lu ci mel ni neeg u jangukaay u teere, miise, pisin, wala santar u askan.

NYC Mayor's Office of Climate & Environmental Justice

NYC Health

# KAARANGE JAMONOY TANGAAY

## KHAMAL KAN MOO GËN SOXLA TAXAWU CI BIIR ASKAN WI

Nit ñi amul kilimatiseer seen biir kër wala yenn ci yii di topp:

**WER GU YARAM U XEL**

Xaalaat & Deperesioŋ - Naax Ndof - Jëfendikoo garab bu jaar ul yoon

**FEEBAR YUY YAGG YII**

Taansioŋ bu kawe - Kiriis kardiaak Jabeet - Feebar u Xëtër bu Fatt bu Yagg (Chronic obstructive pulmonary disease, COPD) - Asma

**TANGAAY-NIT ÑI YOMB A FEEBAR**

Tuut tank ak xale yii - Jigeen u biir yii Mag yi ëpp ay at - Nit ñi laago tëŋk

Yenn garab yii ngir feebar yuy yagg yii dañuy la taxa baña yeg bu baax li la wër ngir di xamme coppite tangaay yii ci biti, te loolu daf lay ñakkal ndox ci lu gaaw.

## NA NGA BAYYI XEL MANDARGA U COONO TANGAAY AK XËM U TANGAAY

Xëm u tangaay nekk na lu mën yobbu bakkan. Su fekkee ni da nga gis benn ci yii mandarga, demal seet i ab doktoor ci ni mu gën gaawee.

### Coono tangoor

- Xëm wala miir
- Ñaqq bu ëpp
- Jagadi, deer bu woyof
- Neer
- Xol bu gaaw, yeex
- Karamp

### LI NGA WARA DEF

- Wut ab barab bu sedd, wala bu am kilimatiseer.
- Naan ndox (elektorolit) su fekkee ni yewwu nga.
- Sangul ak ndox mu sedd wala nga jëfëndikoo ab komperees wala sarbeet bu sedd.

### Xëm u tangaay

- Mettit u bopp buy jam
- Doo ñaqq
- Tangaay u yaram bu kawe
- Neer ak waccu
- Xol bu gaaw, te am doole
- Jaxasoo, janeer, wala xëm

### LI NGA WARA DEF

**Wooteel ci 911.** Teg al ab jëf ngir feexal nit ki ba saa bu ndimbal aksees.

---

**PEXE YII**

Seet il **climate.cityofnewyork.us** ngir gis ay xibaar u jumtukaay (Xayma Woyofteef u Kaaraange ci Tangaay, Kart u Atte ci wall u Jawwu ji) ak jumtukaay u taxawal palaŋ ak di soññ.

Mayor's Office of Climate & Environmental Justice

NYC Health

# KAARANGE JAMONOY TANGAAY

Ngir samm sa askan ci biir xew-xew u biti yii, deel xool metewoo bi ak "door al tangaay bi" ak tektal yii ngir sa palaŋ u kaaraange:

## PALAŊ NGIR AB XEW-XEW

Ndax xew-xew bi di na am ci gazon bi, puseer bi, suuf si? WALA Ndax di na doon asfalt wala simaa?

Ndax di na am fecc wala daw, ayy.? WALA Ndax di na am ay yitte yu aju ci wall u ndox?

**! Doxukaay yu am wirgo bu lëndëm, dafay yokk tangoor de dafay dello tangoor mu deñc ci guddi gi.**

**! Taggat yaram ci jamono yooyu dafay yokk gaawa feebar ndax tangaay bi.**

## CI BIIR XEW-XEW BI

- Nandalal ak di meye ndox aji bokk yii.
- Yemaleel sa taggat yaram ci biir jamono tangaay bi.
- Deel faral di jël ay poos yu bari ci ker yii wala ci barab yu am kilimatiseer.
- Deel jëfëndikoo tant yii ngir am ker, ak itam suyukaay u ndox yii ngir dimbali serlu.

## BOOLEEL LII DI TOPP CI SA PALAŊ U JËF CI JAMAONO TANGAAY:

**Laata:**

- Ñaaxal waa askan bi ñu mën tann ngir bokk ci Porogaraam u Taxawu ngir Enersi u Kër (Home Energy Assistance Program, HEAP) saa bu ubbee.
- Taggatal waa askan bi ci mandarga feebar u tangaay.
- Sakkal ab kart u dëkkëndoo u barab yu sedd yii ngir waññi risk u feebar u tangoor ci sa biir askan.
- Jiwal ay garab ngir mey sa waa askan ker.
- Yobbul say yitte biti yii ci waxtu suba teel wala ngoon.

**Ci biir:**

- Cambar al dëkkëndoo yii, jaboot gi, ak xarit yii.
- Jox al barab bu sedd ngir waa askan bi.
- Saddalal ay biteel yu ñu mën jëfëndikuwaat, ay pakeet u galaas, ay sarbeet ngir aaru ci naaj bi, ak ay pakeet u elektoroolit.
- Deel faral di lekk ay lijum yu am ndox ak ay meññeef ngir seddal sa yaram.

NYC Mayor's Office of Climate & Environmental Justice

NYC Health